

бабушка

# **SOFI AK AY LAKKAM**

SOPHIE ET SES LANGUES

Mbind mi Christine Hélot  
Nataal yi Uxue Arbelbide Lete  
Tekk Ismaila Diop

**DULALA**  
D'UNE LANGUE À L'AUTRE

DULALA mbotaay la, gu ñu soss, ngir yombal njangum lakk yi ci teel.  
Ci liggey boobu, mbotaay gii di DULALA, day taxawal ay jomtukaayu  
jangale, jëmëleko ci jangale kat yi, ak wëy jur yi.  
Ginaaw bi mu mólee teere bi tudd *Lakki muss*, bii di *Sofi ak ay lakkam*  
moodi ñaarelu teere xale bu mbotaay mii mól.

Teere bi, tekki nañu ko ci lu app fukki làkk ak juroom. Tekki yooyu  
digéen ko fekk ci site internet bu DULALA.

DULALA est une association créée pour favoriser une éducation  
à la diversité linguistique dès le plus jeune âge. Dans le cadre de  
ses missions, elle élabore des outils pédagogiques à destination  
des professionnels de l'éducation et des parents.  
Après *Les langues de chat*, *Sophie et ses langues* est le deuxième  
album jeunesse édité par l'association.

L'album a été traduit dans plus de 15 langues. Retrouvez ses traductions  
sur le site internet de DULALA.  
[www.dunelanguelaautre.org](http://www.dunelanguelaautre.org)

© DULALA 2014

ISBN 978-2-37 122-017-1

## SOFI AK AY LAKKAM

SOPHIE ET SES LANGUES

Mbind mi Christine Hélot  
Nataal yi Uxue Arbelbide Lete  
Tekk Ismaila Diop

—

**SOFI AK  
AY LAKKAM**

—

Mbaa jàmm nga am! Maa ngi tudd Sophie.  
Bi ma juddoo yàggul.  
Li ma mēna wax bariwul,  
ay arēeh, arēeh...  
ngir begal samay waajur

Bonjour ! Je m'appelle Sophie.  
Je suis née il n'y a pas très longtemps.  
Je ne dis pas encore grand-chose,  
que des areuh areuh ...  
pour faire plaisir à mes parents.



Samay waajur nak ñoom, dañuy wax ak man lu bari,  
wayé ci ludul benn làkk.  
Sama yaay daf may làkk tubaab  
sama baay dima làkk angalé.

Suma :  
*Bonjour mon petit cœur ! <sup>1</sup>*


Sumay tëdd sama baay daf may laaj ci angalé :  
*Piwi darling, why won't you go to sleep ? <sup>2</sup>*

Mes parents, ils me parlent beaucoup par contre,  
mais pas dans la même langue.  
Ma Maman me parle en français  
et mon Papa me parle en anglais.

*Bonjour mon petit cœur !*  
dit Maman quand je me réveille le matin.


*Piwi darling, why won't you go to sleep ?*  
me demande mon Papa le soir quand il me met dans mon lit.

1. Suba diamm sama nene tuuti!
2. Piwi sama, lu tax tëddi wulo?



Piwi la ñu ma **dakantale** le  
laata may juddu.  
Am naa beneen **dakantal** : PERSEPHONE !  
Ap turu yalla gérek la.

Piwi c'est le petit nom qu'ils m'ont donné  
avant ma naissance.  
J'ai aussi un deuxième nom : PERSEPHONE !  
C'est le nom d'une déesse grecque.





Nànd nga sama istuwar ?

Sama waajur yi dañoo boogg may wax ñaari laakk.

Man xamuma lu loolu di tékki, wayé

Suma sama yaay di taril ay taalif ci tubaab, daf may neex

Ak suma sama baay di woyal ci angalé itam


Vous avez compris mon histoire ?

Mes parents veulent que je devienne bilingue !

Je ne sais pas trop ce que ça veut dire mais

j'aime bien quand ma Maman me récite des poèmes en français

et j'adore quand mon Papa me chante des chansons en anglais.



Té sama yaay sax dafay làkk español.

Mom dafa **nekoon rewum** ekwatër, **tek** ca **nekoon rewum** arzentiin,  
ca lékool ba la **jangé** lakku almaa, **lakku** portugés mu **jangé** ko berésil.

Sama baay dafay lakk tubaab

ndaxté dafa **jangé** kanada ak faràss,

ak lakku almaa ndaxté dafa doon **ligeyé reewum** suiss,

té lu ngeen dul masa xalaat,

fi mu nekk nii, mu ngi jàng lakku sinwaa ak suwahili,

dafa bégga dem reewum kenia, ngir fajifa ay nit ñu feebar.

Ma Maman, elle parle aussi espagnol.

Elle a vécu en Equateur puis en Argentine,

elle a appris l'allemand à l'école, et le portugais au Brésil.

Et mon Papa il parle français

parce qu'il est allé à l'école au Canada et en France,

allemand parce qu'il a travaillé en Suisse,

et vous ne devinerez jamais,

maintenant, il apprend le chinois et le swahili !

Il veut aller au Kenya, soigner les gens qui sont malades.





Leegi nak, xaaral ma waxal la ci sama maamyi.  
Amnaa juroomi maam : ñaar yu jigéen, ak ñett yu góor.  
Sama yaayu baay mungi tudd Oma, di xéetu suiss.  
Da fay làkk suiss, di lakk almaa, di làkk angalé ak tubaab.  
Sama yaay dafa bëgg Oma dimay làkk suiss alma.

Maintenant il faut que je vous parle de mes grands-parents.  
D'abord j'en ai cinq, deux grands-mères et trois grands-pères.  
La mère de mon père, c'est Oma, elle est suisse.  
Elle parle le suisse allemand, l'anglais et le français.  
Ma Maman voudrait que Oma me parle en suisse allemand.



Sama baayu baay, Grand-Papa laakoy woowe,  
mom kanada la cosaano, di laakk tubaab ak angalé,  
wayé tubaabam bokkul ak bu sama yaay,  
moo gënë neex !

Le père de mon père, je l'appelle Grand-Papa,  
il est canadien, il parle français et anglais,  
mais son français est différent de celui de ma Maman,  
il est plus chantant !



Sama baayu yaay, reewu irlànd la cosaano,  
dafay làkk angalé, ak gaélik ak tubaab tamit.  
Garamps laakoy wowé, wala Garandad.  
Reewum Gana lay ligeyé.

Le père de ma mère, il est irlandais,  
il parle anglais, gaélique et français aussi.  
Je l'appelle Gramps ou tout simplement Grandad.  
Il travaille au Ghana.



Sama yaayu yaay tubaab la,  
dafay làkk angalé.  
Babu laakoy wowé, ndax mooy sama maam-bóoy.  
Waayé nak, du làkk riss !

La mère de ma mère, elle est française,  
et elle parle anglais.  
Je l'appelle Babou parce que c'est ma babouchka.  
Mais le russe, elle ne le parle pas.



Sama Babu moom, mu ngi dund ak sama ñetteli maam bu góor.  
Bu tudd Garapi, cëggu resing,  
bu leen ma laaj nak lu tax ñu tuddée ko noonu !

Sama Garapi moom, moo raw ñëpp ci dégg ay làkk,  
da fay làkk tubaab, angalé ak almaa, té dégg na tuuti español ak italien.  
Té mu ngi jàng làkku yëxuud yi, ak bu grek, ak bu lateñ, ak sax bu arameyé.  
Arameyé, làkk la bu ñu daan wax bu yaggoon.

Bi Garapi nekkée goné, dafa daan làkk poloné ak ay waajuram  
waayé Faràss la jàngué, ba far daaldi fatté, lamu xamoon ci poloné.

Ma Babou vit avec mon troisième grand-père.  
Lui, c'est Grapi, pour grappe de raisin,  
ne me demandez pas pourquoi !

Mon Grapi, c'est le champion des langues,  
il parle français, anglais et allemand, un peu d'espagnol et d'italien.  
Et il apprend l'hébreu, le grec, le latin et même l'araméen.  
L'araméen, c'est une langue qui était parlée il y a très longtemps.

Quand Grapi était petit, il parlait polonais avec ses parents  
mais il est allé à l'école en France et il a oublié tout son polonais.



Léegi nak,  
da ngéena yakaar ni mbiru lakk yi jeexna ?  
Déedéet, ndax amnaa ay nijaay, ay yaay yu ndaw,  
ak ay doomu nijaay  
té ñom ñëpp bokku ñu reew yi ñu nekk:  
amnaa nijaay ju nekk rewum Irlànd, ak yaay ju nekk reewum bask,  
benn yaay ju nekk reewum kanada, ak benéen bu nekk amérik  
benn nijaay ak benn yaay yu nekk reewum suiss.  
ñom ñëpp, da ñuy wax ay lakk yu wute.

Et maintenant,  
vous croyez que cette histoire de langues est terminée ?  
Et bien non, parce que j'ai aussi des oncles, des tantes,  
des cousins et des cousines  
et ils habitent tous dans des pays différents :  
j'ai un oncle en Irlande, une tante au Pays Basque,  
une tante au Canada, une autre aux Etats-Unis  
et encore un oncle et une tante en Suisse.  
Ils parlent tous et toutes plein de langues différentes.





Ah ! fatéwoon naa, am naa tamit benn maamat,  
mom tubaab rek la degg,  
wayé, xam na ay benn benni baati angalé.  
Té bamuy jàng làkku español,  
dafa tafoon ci miiri kërëm yëpp, ay baati español.

Lëppë ngoogu ! xam ngeen sama waa kër yëpp.

Ah, j'oubliais, j'ai aussi une arrière-grand-mère !  
Elle ne parle que le français,  
mais elle sait quelques mots d'anglais.  
Et quand elle apprenait l'espagnol,  
elle a collé des mots espagnols partout dans sa maison.

Voilà, vous connaissez toute ma famille.



Amna lu dess sax !  
Xaar leen ma déy leen :  
bu déwenée di naa am benn doomu nijaay,  
benn doomu nijaay bu cosaano reewum besk,  
ak reewum faràss, ak reewum Irlànd, ak reewum españ!

Enfin pas tout à fait !  
Je vais vous dire un secret :  
l'an prochain, j'aurai un cousin,  
un petit cousin basque, français, irlandais et espagnol.




Man, su ma maggée,  
dinaa wër aduna bi,  
dajé ak nit ñu bari  
té dinaa jàng seeni làkk.

Su ma amée ay doom  
damay def ni sama yaay ak sama baay,  
di naa leen woyal  
ci làkki aduna bi yëpp.

Moi, quand je serai grande,  
je ferai le tour du monde,  
je rencontrerai plein de gens  
et j'apprendrai leurs langues.

Et quand j'aurai des enfants,  
je ferai comme mon Papa et ma Maman,  
je leur chanterai des chansons  
dans toutes les langues du monde.







## SOFI AK AY LAKKAM

Sofi mu ngi dooga juddu.  
Daf ñuy xamalé ak waa kërëm  
njaboot gu yaatu, gu nekk fu nekk ci aduna bi,  
njaboot goo xamni da ñu fay wax lakk yu bari.  
Ndax dina wax ñaari lakk niko ay waajuram bëggé?

## SOPHIE ET SES LANGUES

Sophie vient de naître.  
Elle nous présente sa famille,  
une grande famille qui vit un peu  
partout dans le monde, une famille  
dans laquelle on parle beaucoup  
de langues. Deviendra-t-elle bilingue  
comme ses parents le désirent ?